Минайхан ЖУМАНАЗАРОВА

# Тумаристиң Сөзлери



N2 8433/0

МИНАЙХАН ЖУМАНАЗАРОВА

# ТУМАРИСТИҢ СӨЗЛЕРИ

*ЭЛЕГИЯ*

МАЖБУРИЙ НУСХА

Нөкис
«Билим»
2016

Қарақалпақ әдебиети

УОК 821.512.121-143
КБК 5 Қар
Ж—93

Минайхан Жуманазарова. Тумаристиң сөзлери. Элегия. «Билим» баспасы, 2016-жыл. 16 бет.

УОК 821.512.121-143
КБК 5 Қар
Ж—93

Шайыра Минайхан Жуманазарова өзиниң онлаған поэтикалық ҳәм прозалық топламлары менен халқымыздың жүрегинен жай алған үлкен талант ийеси екенлиги бизиң оқыўшы қәўимге кеңнен мәлим. Биз де буны жақсы билемиз. Қолыңыздағы «Тумаристиң сөзлери» атлы еслеў китабы шайыраның ақлығы Тумариске бағышланады. Өмирден он бир жасында аўыр кәстеликтен соң көз жумған ақлығы Тумарис шайыр жүрегин жаралап, мәңгилик айралық, дәрт, азапқа гириптар етти. Жүрегиниң бир пәршеси болған ақлық қызының әрманлары, өмирге куштарлығы, әжесине деген перзентлик муҳаббаты шайыраның қолына қәлем алдырды ҳәм оған естелик жаратыўды нийет етти. Әлбетте, шайыраның кеўил кеширмелери сизлерди де бийпарық қалдырмайды деп ойлаймыз. Әзиз оқырманлар, биз бенен сырлас, муңлас болың.

2018/45
A 3942
Alisher Navoiy
nomidagi
O'zbekiston MK

№ 8433
0

ISBN 978-9943-4437-0-9

**© М. Жуманазарова, 2016.**
**© «Билим» баспасы, 2016.**

## АҚЛЫҒЫМ ТУМАРИСКЕ
*арнайман*

*Әже, мен оны (болажақ күйеўин)*
*дым жақсы көремен.*
*Ол да мени жақсы көреди.*
*Бизлер бахытлы боламыз...*

* * *

Бир пери қыз түсине,
Батыр жигит енеди.
Меҳир берип меҳрине,
Әрман болып келеди.

Сүйиў не ол, бирақ та,
Сүйилиў не, билмейди.
Тек ушады пырағта,
Жерди басып жүрмейди.

Ата менен анаға,
Уқсағысы келеди.
Бир күни бир балаға,
Узатарын биледи.

* * *

Жасаўсыз ҳәм ҳәўжарсыз,
Мен қызымды узаттым.
Күйеў жоқ, той думансыз,
Дуйым журтты жылаттым.

* * *

*Әже, мен сендей бес балалы боламан*
*ҳәм оларды дым жақсы көремен...*

Кирттай ғана анасы,
Әрман еткен бес бала.
Кеўлиниң кең даласын,
Бостан еткен бес бала...

Сағыйра ғана бир қыздың,
Жүрегиниң жылыўы.
Аспанда ай, жулдыздың,
Жерге түсип қоныўы.

Реңлерге айланып,
Сызылдыңлар сүўретке.
Болажақ ана толғанып,
Бар меҳирин бермекте.

Ҳәййиў, ҳәййиў, ҳәййиў-ай,
Ҳәййиў, ҳәййиў, ҳәййиў-ай.

* * *

Айнанайын қулыным,
Туўмай туўа шөктиң-аў.
Желбиреп айдар тулымың,
Әрман менен кеттиң-аў.

* * *

*Әже, мен енемди жақсы көремен.*
*Ол да мени жақсы көреди.*
*Мен оған ҳеш урыспайман.*

Жаным, енең билмеди,
Сендей жақсы қыз барын.
Баласы ҳәм көрмеди,
Өзин сүйген дилбарын...

Бир әрманлы қыз единң,
Пинҳам тутқан сырларын.
Ғыжлап турған шоқ единң,
Жанып кетти жырларың.

* * *

Әжежаным, енемди,
Сондай жақсы көремен.
Таңда тәңир сәлемди,
Ийилип турып беремен.

Бир қабақ суў арттырмай,
Жуўыраман, желемен.
Кеўлиндегин айттырмай,
Қабағынан билемен.

Әже, сен де келип тур,
Сағынып ғана жүремен.
Ақылыңды берип тур,
Кишкентайман еле мен...

* * *.

Бир мүшел жас жасамай,
Бунша неге асықтың.
Әрманлы кеткен балам-ай,
Көз жасымды тасыттың.

* * *

*Әже, қар жаўды ма ,*
*Жаңа жыл қашан келеди?!*

Қар жаўды ма анажан,
Жаңа жыл қашан келеди.
Саўға алып қар бабадан,
Ойнап жүргим келеди.

Шыбын жаның қыйланып,
Күнлерди санап жаттың-аў.
«Қар қызға кетсем айланып»,
Сыбырлап ғана айттың-аў.

Соңғы сөзиң сол болды,
Хүр қызға кеттиң айланып.
Көз жасымыз көл болды,
Меҳрине қалдық байланып.

* * *

Өзиң сызған сүўретте,
Жапалақлап жаўар қар.
Қар баба, қар қыз келмекте,
Шадланысар балалар.

Аяз баба ортада,
Саўғасын жүр үлесип.
Ҳәмме ынтық қар қызға,
Келди ме деп илесип.

* * *

Қар жаўды ма анажан,
Жаңа жыл қашан келеди.

Сауға алып қар бабадан,
Ойнап жүргим келеди.

Сен бир қыз болдың әрманлы,
Әрманлары қырманлым.

* * *

*Әже, сен өлме, мен шыдай алмайман.*
*Сен өлсең мен ҳәм өлемен.*

Неге ғана бул сөзди,
Айтағойдың, қулыным?
Ашып-жумғанша көзди,
Үзилди ғой жулының.

Сен ғой кеттиң, қарағым,
Мен енди қалай шыдайын?
Сөнгеннен соң шырағым,
Бир қудайға жылайын...

«Атам, десең дегиз де,
Ботам, дегизбе» — деген.
Маған ботам, дегизди,
Көрмегеним көп екен.

Қалай ғана умытаман,
Қыймай баққан көзинди.
Күн өткен сайын жойтаман,
Әже-аў, деген сөзинди.

Айнанайын әрманлым,
Әрманлары қырманлым.

* * *

Жаным, Тумарис! Мен сен ҳаққында еслеў жазаман деген оңым түўе түсиме де енген жоқ. Себеби, сен сонындай шаққан ҳәм ақыллы қыз едиң. Негедур басқа ақлықларыма қарағанда маған дым жақын болдың. Мени ҳәмме ақлықларымнан қызғандың.

«Әже, тек мени ғана туўса» — дейтуғын едиң. Мен ҳәм меҳриңе жараса меҳир бериўге талпындым. Еки жасар ўақтыңнан баслап жаныма алып жатып, сени мәпелеп өсирдим.

Сол, сол екен ҳәмийше бирге болдық. Той-мереке, байрамларда да қасыма алып жүрдим. Ағайинлер де, досларым да буған көнлигип кетти. Сен бармаған күни, Ҳаў, «Тумарис қайда» — деп бәриниң сорап атырғаны. Сен үш-төрт жасыңнан баслап сүўрет салыўға қызықсындың. Тап үлкен художниклердей, жаз, қыс, гүз, бәҳәр ҳаққында өзинше сыздың. Жайдың сүўретин салып, қасыңа тереклер егип, оны қоралап, қасына ийтке шекем байлап қоясаң.

Бизлер сеннен сораймыз: «Тумарис, бул кимниң үйи?!» «Сонда, сен бул бизлердиң жаңа үйимиз» — деп жуўап берссең...

Бәримиз мәс боламыз. Әсиресе, сен қар жаўған пайытты көп сыздың. Аяз ата, қар қыз, ёлка, жапалақлап жаўған қар бәри, бәри сениң нәзериңнен қалған жоқ. Бәҳәрде гүллеп турған мийўе ағашлар, қуслардың қайтыўы, салмалардан аққан суўларды реңлерге айландырдың...

Соң мектепке қатнай баслаდың. Ол жерде де өзиңниң айрықшалығың менен көзге түстиң. Ҳәмме: «Жерден ойып алғандай, үлкенди киширейтип қойғандай» — деп саған таңланып қарайтуғын еди. Байрамларда тақылдап турып айтқан тақмақларың, қосықларың сени муғаллимлердиң де нәзерине түсирди... «Бойы сәл кишкенелеў демесең, бул қыз бир жерден шығады» — дести олар.

Мен жазғы каникульда бәрҳә сени өзим менен бирге алып жүрдим. Бойы өссин, таза ҳаўа жутсын деп Ташкентке





Тумарис әжеси Минайхан ҳәм атасы Жумабай менен.

Тумарис әкеси Гамзат, анасы Саодат ҳәм сиңлиси Улдаўлет пенен.





Тумарис, Ташкент. Мустақиллик майданы, 2006-жыл.

Дүрмен дөретиўшилик үйинде, 2013-жыл.



Тумарис өжеси Минайхан менен. Дүрмен, 2015-жыл.



Тумарис сиңлиси Нуржаўған менен.



«Гемотология» илимий изертлеў институты емлеўханасында



2015-жыл. Ташкент. 4-октябрь.

Тумарис художник ҳәм дизайнер болмақшы еди...
(Ол сызған сүўретлер)













санаторияларға хәм Дурмендеги дөретиўшилик үйине де көп мәртебе алып бардым.

Дурмен бағында сен ҳақыйқый дөретиўшиге айландың. Китапханасына барып ертек китаплар алып оқып хәм өзиңниң сүўрет сызыўыңды даўам еттиң.

Ол жердеги бағлар, куслар сениң нәзериңнен тыс қалған жоқ. Бәрин сыздың, реңлерде сөйлеттиң. Шайырлардың мушайрасына қатнасып қосық оқып, сызған сүўретлериңди де көрсеттиң. Сен тек ғана Минайханның аклығы емес, өзинше Тумарис болып танылдың.

Белгили жазыўшы, шайырлар Ҳайдар Мухаммед, Тоҳир Қаҳҳар, Носир Фазылов, Рустам Мусырман, Музаффар Аҳмад, Турсын Али, Гулчеҳра Рахимова, Замира Рўзиева, Гүлнара Нурлепесова, Халила Дәўлетназаров, Кеңесбай Каримов, Янгибой Кўчқаров, Ҳосият Рустамова, Қўчқор Норқобилларды көрдиң хәм олардың сәўбетин тыңладың. «Дурмен» дөретиўшилик бағының хәмме хызметкерлери менен дос болдың. Ҳеш ким сениң нәзериңнен шетте қалған жоқ. Ҳәтте, дөретиўшилик үйиниң директоры Абдисаттар инимизге де аға, деп мүрәжәәт етип, фонтанды ағызыўды өтиниш еткен едиң. Ҳәмме сени көрсе ҳо, Тумарис киятыр деп қуўанысты. Сен өзиңниң кишипейиллигиң, адамлар менен тез араласып кететуғының менен хәмменниң дыққатына миясар болдың.

2009-жылы сени Ташкенттеги «Семачка» бурынғы санатория, ҳәзирги саўалландырыў орайына алып бардым. Сол жердеги балалар бөлимине жатқардым. Ең биринши рет сениң қаныңда тромбоциттиң аз екенлиги сол жерде анықланды. Сени «Гемотология» илим изертлеў институтына көринип қайтыўға жиберди. Бизлер екеўимиз сол жерге бардық, сен анализ тапсырып, докторға көриндиң. Доктор дәриге қағаз берди. Биз дәрилерди алып қайтадан «Семачка»ға қайттық. Ол жерде сен даўаланып, жақсы болып қайттың.

Әне, усы жылдан баслап сениң хәр жылы қаныңды тексертип, емлеўханаға жатқарып емлетип жүрдим. Бизлер ол ўақытта бул кеселликтиң аўыр кесел екенлигин онша

сезингенимиз жоқ. Себеби, сен бурынғыдай ойнап күлип жүрдиң. Ара-тура ана жер, мына жериң көгерип, кетип туратуғын еди. Мен сени 2011-жылы Ташкенттеги «Эндокринология» илим изертлеў институтына емлениўге апардым. Ол жерде де бизлерди қан анализинен кейин «Гемотология» илим изертлеў институтына көринип келиўге жиберди. Биз және анализ тапсырып дәри-дәрмақ алып қайттық.

Сол аралықта бизлер сени гә аўылда, гә Ташкентте емлетип жүрдик. Бизлер екеўимиз сениң кеселлигиң себепли бурынғыдан да жақын болып кеттик. Соңғы жыллары мен де қан басым ҳәм қант кеселлиги менен аўырып қалдым. Сен мениң аўырып қалыўымнан, ҳәтте өлимимнен қатты қорқатуғын едиң. «Әже, сен өлме, сен өлсең мен шыдай алмайман, мен ҳәм өлемен», дей беретуғын едиң.

Себеби, сен: «Әжем мени емлетеди, бойларымды өсиреди» деп маған қатты исендиң. Мен ҳәм қолымнан келгенше сени емлетиўге тырыстым ҳәм шын жүрегимнен жақсы көрдим. Соңғы рет 2015-жылы, июль айында Ташкент қаласындағы «Гемотология» илим изертлеў институтына барғанымызда қан анализинен кейин сениң қанында тромбоциттиң азайып кеткенлиги, қаныңның да азлығы анықланды. Бирақ, «лейкоз» емес деп диагноз қойды. Бизлер лейкоз (аққан) емес екенлигине қатты қуўандық. Сол жерде емлеўханаға жатқармай дәри-дәрмаққа қағаз берип жиберди. Мен дәрилеринди алдым. Бизлер «Дурмен» дөретиўшилик үйине бардық. Сен ол жерде бассейнлерде шомылып дем алдың. Дөретиўшилик жумысың менен шуғылланып, сүўретлер сыздың. Өзинди жақсы сездиң. Бизлер онлаған күн дем алып үйге қайттық.

Үйге келгеннен соң да дәрилеринди ўақтында жегиздик. Бирақ, сен соңғы ўақытлары далаға шығып көп ойнамайтуғын болдың. Азып кеттиң. Бизлер сени республикалық балалар емлеўханасының «Гемотология» бөлимине апарып қайтадан қан анализин тапсырдық.

Ол жерде сениң қанында лейкоцитлериңниң көбейип кеткенлиги анықланды. Талағы да исинген деди. Сени анаң

менен емлеўханаға жатқардық. Саған биринши қан қуйған күни тислериңниң түби қанап аўзыңнан қан ақты. Бул ҳалат сен аўырғалы биринши мәртебе ушырасқан еди. Бизлер қатты қорықтық. Ташкенттен «Гемотология» илимий институтынан докторлар келди деп еситип, сени сол жерге көрсетиўге алып бардық. Олар бизлерге Ташкентке барып «Гемотология» илимий институтының өзине тексерилиўди усыныс етти. Бул аралықта сениң жағдайың әдеўир төменледи. Бизлер сени және Ташкентке алып кеттик. Ол жердеги тексерилиў узақ даўам етти. Докторлар сени «Эндокринология, педиатрия» илимий институтына «Скринг» орайына консультацияға жиберди. Ол жердеги докторлар да, ең тийкарғы кеселлик — қан кеселлигин емлеў керек екенлигин айтты.

Сен иште, мен сыртта бир-биримизге дилгир болдық. Үйге қайтайық, дей бердиң. Емлеўши шыпакериң жөнли жуўап бермеди. «Острый» лейкоз емес, «храничиский» лейкоздан гүманымыз бар деди. Еки мәртебе алдыңғы көкирек омыртқаңнан «илик» деген анализ алды. Сени «Гемотология» бөлимине 18-сентябрь күни жатқарған едик. Соннан бери де он жети күн өтти. 4-октябрь мениң туўылған күним еди. Сен бул күни де емлеўханада жатыр един. Сен палатаңда балаларын алып жатырған ҳаялларға «ертең мениң әжемниң туўылған күни» деп айтқансаң ҳәм сол күни маған саўға алғансаң.

Әдеттегидей 4-октябрь күни де мен саат тоғыздан бурын емлеўханаға келдим. Сен мениң менен ушырасыўға сыртқа шықтың. Қолыңда сетка. Мен алдыңа жуўырып шығып құшақлап алдым. Сен мени узақ қушақлап турдың, бетимнен сүйип саўғанды бердиң...

«Әже, мен буны өзимниң жыйнаған пулыма алдым, — дедиң... Себеби, сениң изиңнен кеўил сорап келген ағайинлер пул берсе, сен соны жыйнап қойған екенсең.

Қулыным, сениң бундай итибарлылығыңнан мениң төбем көкке жетти. Өзиң зорға жатырып та мениң кеўлимди ойлағаныңды айтса?!

Мен сол күни сени докторларыңнан сорап алып шығып «Ҳайўанат» бағына апардым. Бизлер ат арбаға минип парктиң

ҳәмме жағын араладық. Ҳәр түрли қусларды, кийиклерди, таў ешкилерин, пил ҳәм маймылларды, қулласы пүткил ҳайўанат дүньясын араладық. Айырым жерлерин пияда жүрип те (анаң сени көтерип жүрди) тамаша еттик. Сүўретке түстик.

Сен маған: Әже, туўылған күниңди «Дурмен» бағында өткерейик» — дедиң. Себеби, өткен жылы Дурменге барғанымызда сол жерде жазыўшы Насыр Фазыловтың 85 жыллық юбилейи белгиленип, оған сени де алып барған едим.

Сен мениң туўылған күнимниң де дәл солай өткенин қәлediң. Мен саған: «Қызым, ҳәзир күн суўытқан соң бассейнлер ислемейди, фонтан да ақпай қалса керек, келеси жылы жазда келгенимизде туўылған күнимди өткеремиз», — дедим. Сен дым үндемей қалдың. Жаным Тумариса, бул бизлер екеўимиздиң бирге белгилеген ең соңғы туўылған күнимиз екенин екеўимиз де билген жоқпыз...

Мен бул күнди өмир бойы умытпасам керек. Сен фонтанды дым жақсы көретуғын едиң. Сени қасында ағып турған фонтаны бар бир кафеге алып бардым...

Сен ол жерде отырып палатаңдағы балаларды ойладың. «Әже, оларға да торт алып барайық», — дедиң.

Қулыным, сен сондай мийримли ҳәм ақыллы қыз едиң ғой. Торт алдық...

Сени және емлеўханаңа апардым. Кешке дейин сол жерде болып, кеште қайттым.

Сен емлеўханада жигирма күн жаттың. Сол аралықта екинши «илик» анализиңнен соң сени «лейкоз» (аққан) емес деп тапты...

Ол жердеги балалардың көбиси аққан кесели менен аўырып жатыр екен. Киноларда еми жоқ дей бергенге ме мен қатты қорықтым. Мен емлеўхананың «гемотология» бөлимин ең аўыр бөлим дер едим. Себеби, көпшилик балалардың мурнынан, аўзынан қан кетиўи, ыссылығының түспей қалыў ҳалатларын мен сол жерде көрдим. Аўырыў балалардың изинен келгенлер менен ҳәмдәрт болдым. Жигирма күн бирге жасадым.

Өйткени, ол жердеги ҳәмнениң жаны қыл үстинде. Сөйтип, бизлер және «лейкоз» емес екенбиз деп Ташкенттен аўылға

қайттық. Қуўанайын десем жағдайың аўыр, қуўанбайын десем аққан емессең ғой. Үйге келгеннен соң киши дәретиңнен қан кетип, еки күннен соң және емлеўханаға түстиң.

Ол жерде және баяғы дәрилер, тағы қан қуйыў сени шаршатты. Есиңнен аўып қулап қалдың... Докторлар басқа шарамыз жоқ деген соң тилхат берип үйге алып қайттық. Сен үйге келгеннен соң өзиңе келдиң. Үкелериң менен ойнадың. Класыңның қызларын шақырдың, олардың өзи де сени көриўге келди. Сен хәр күни «Әже, қар жаўды ма, жаңа жыл қашан келеди» деп жаттың. Сен бала қусап кеселиңди айтып жыламадың. Ким келсе де «Тумарис, қалай жақсымысаң» десе жақсыман деп жуўап бердиң...

Сен Нөкистеги Орайлық почтаның қасындағы «Дочка, сыночка» деген балалар дүканынан кийим алғанды унататуғын единң.

Аўырып жатып сол дүканға барғың келди. Апардым. Сен өзиңе аппақ малақай, ақ етик алдың. Сен ақ реңди жақсы көретуғын едиң...

Өзиң сызған сүўретлериң менен телевидениеден шыққың келди.

Қызлар келип сени «Қарлығаш» көрсетиўине түсирип кетти. Сол пайытта сениң мурның қанамаслығы ушын бир танаўыңа пахта тығып қойып едик. Сен журналист берген сораўларға мәрдана жуўап бердиң. Көйлеклерге сызған дизайнлериңди көрсетип, «өзим усы көйлеклерди тикким келеди», — дедиң.

Өзиңниң тақмақ айтыўға қызығатуғыныңды айтып мениң «Қарақалпақпан» атлы қосығымды ядтан айттың. Хәм көрсетиў даўамында суўрет сызып отырдың. Сен сол көрсетиўди көрдиң. Қуўанып: «Әже, мени хәмме көрип атыр ма» — дедиң. Оннан кейин жаңа қурылыс кетип атырған үйди де көрип қайттың. Сен өмирге жүдә куштар едиң. Әрманларың көп еди. Белгили художник, дизайнер болмақшы едиң. Сен докторлар үмит жоқ деп қайтарғаннан кейин де он жети күн жасадың.

Қулыным, сен өзиңниң он бир жыл өмириңди мазмунлы өткердиң. Көп жерлерде болдың, көпти көрдиң өзиңниң

ақыллылығың  хәм талантың менен көзге түстиң. Мәртлигиңе қайылман. Өмириңниң соңғы мәўритлеринде де сыр бермедиң...

Тек көзлериң менен  хошласып, көзлериң менен көп нәрсени айттың..

Сен өзиңниң асқар таўдай әрманларыңды өзиң менен қоса алып кеттиң. Бир алланың алдында бәримиз де бендемиз ғой...

Бирақ, сениң руўхың мени тәрк еткен жоқ. Қай күни қыйлансам, сени еслеп жыласам түсиме енесең...

Бир күни аяқ қолым уйып, қан басымым қатты көтерилип қыйландым.

Сен мениң түсиме ендиң... Әже, қолым, қолым деп аўырсынып атыр екенсең. Жаным, ҳәзир, ҳәзир деп оянып кеттим.

Жаным, Тумариса!!!

Әжең сени ҳеш қашан умытпайды. Жасаса сениң руўхың, ядың менен жасайды... Сен ҳүр қыз болып кеттиң. Периштеге айландың ... Енди ғана он бир жасқа толсаң да изиңде көп естелик қалдырдың... Меҳирге бөленип кеттиң. Илая, топырағың торқа, жатқан жериң жайлы болғай...

Әлбетте, сениң руўхың ҳәр жаңа жылда, қар жаўғанда бизлер менен бирге болады. Ядың жүрегимизден мәңги өшпейди...

*2015-жыл, ноябрь.*

## ХАЛҚЫҢ БИЛЕР СЕНДЕЙ ҚЫЗ БАРЫН...

Жүз жыл жасаса да биреўлер,
Ҳеш кимниң ядында қалмайды.
Дүньяның тутқасы тиреўлер,
Қулай қойса қайта турмайды.

Ал, сен мениң жүрегимдесең,
Мен жасасам жасайсаң, жаным.
Кетсем егер сөзлеримдесең,
Мәңгиликке атқайсаң таңым!

Көзлеримниң түбине шөгип,
Маржан болып төгил жыласам.
Қабырғамды қалдырмай сөгип,
Көз алдымнан кетпей турасаң.

«Тумаристиң сөзлери»[1] жаным.
Кеўиллерде қонақлап қалар.
Халқың билер сендей қыз барын,
Саған жүдә кеўили толар.

Ал, сен мениң жүрегимдесең,
Мен жасасам жасайсаң, жаным.
Кетсем егер сөзлеримдесең,
Мәңгиликке атқайсаң таңым!

---

[1] «Тумаристиң сөзлери», Элегия. Қарақалпақ әдебияты. Февраль саны

**Минайхан ЖУМАНАЗАРОВА**

# ТУМАРИСТИҢ СӨЗЛЕРИ

*ЭЛЕГИЯ*

Редактор *С. Байназарова*
Көрк. редактор *И. Сержанов*
Тех. редактор *З. Алламуратов*
Оператор *Н. Саукиева*

**Лицензия: Al № 108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Оригинал макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 25.11.2016. Қағаз форматы 60x84 $^1/_{16}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы «Times». Көлеми 1,0 б. т. 0,93 шәртли б.т. 1,2 есап б/т. Жәми 225 нусқа. Буйыртпа №18.

«Билим» баспасы. 230103, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

«Билим» баспасында басып шығарылды.

7000 с.

ISBN 978-9943-4437-0-9

9 789943 443709

«БИЛИМ»